

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Panalungtikan frasa éndoséntrik koordinatif dina fiksimini basa Sunda téh kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif téh nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, sarta barang nu ditalungtik nepi ka bubuk leutikna sangkan bisa kacangkem ma'na tina dokumén atawa barang nu geus ditalungtik (Moeleong dina Arikunto, 2010, kc. 22).

Patali jeung tipe panalungtikan kualitatif, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto, 2010, kc. 3).

Métode déskriptif digunakeun pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun data frasa éndoséntrik koordinatif dina fiksimini basa Sunda dumasar kana unsur puseur nu disambungkeun, kecap panyambung frasa éndoséntrik koordinatif, adegan frasa éndoséntrik koordinatif, warna (kategori) frasa éndoséntrik koordinatif, jeung patali harti antarunsur frasa éndoséntrik koordinatif.

Satuluyna desain ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan galur panalungtikan ieu di handap.

Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta frasa éndoséntrik koordinatif nu disusun tina unsur puseur nu disambungkeun, kecap panyambung frasa éndoséntrik koordinatif, adegan frasa éndoséntrik koordinatif, warna (kategori) frasa éndoséntrik koordinatif, jeung patali harti antarunsur frasa éndoséntrik koordinatif. Data frasa éndoséntrik koordinatif dicokot tina sumber data.

Sumber data panalungtikan mangrupa subjék ti mana data dimeunangkeun. Ieu panalungtikan digunakeun ragam basa tulis. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh carita nu dicokot tina *website* fikminsunda.com dina bulan Oktober minggu kahiji jeung kadua nya éta dina tanggal 2 nepi ka tanggal 15. Jumlahna aya 149 karya, nu ditulis ku 81 pangarang.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumen Panalungtikan

Arikunto (2010, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalugtikan téh nya éta alat/fasilitas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data.

Kartu data digunakeun pikeun nyatet frasa éndoséntrik anu aya dina fiksimini basa Sunda nu diunggah dina bulan Oktober 2014. Dina kartu data dicatet informasi frasa éndoséntrik koordinatif jeung sumber data.

Conto kartu data:

Tabél 3.2 Kartu Data

KARTU DATA	
No. Data:	(002) Acah jeung Icih (NY/AMBCO/4-10-14/2)
unsur puseur	: frasa éndoséntrik salancar
kecap panyambung	: kecap panyambung <i>jeung</i>
adegan	: FEKoor \longrightarrow K + <Kpany> + K
warna (kategori)	: frasa éndoséntrik koordinatif Barang
patali harti	: jumlah

Keterangan:

NY	: Neneng Yatikurnia
AMBCO	: Aya Minyak Babi Cap Onta
4	: Tanggal 4
10	: Bulan 10 (Oktober)
14	: Taun 2014
2	: Padalisan ka 2
FEKoor	: Frasa Éndoséntrik Koordinatif
K	: Kecap
Kpany	: Kecap Panyambung

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data tina bahan tinulis. Maksudna niténan kana sajumlahing sumber pustaka saperti tulisan-tulisan dina media massa, hasil panalungtikan buku-buku anu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan basa jeung hal-hal séjénna anu patali jeung ieu panalungtikan. Léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku:

- 1) Nangtukeun waktu fiksimini.
- 2) Muka fiksimini dina *facebook*.
- 3) Ngunduh data fiksimini.
- 4) Ngeprint data unduhan.
- 5) Maca fiksimini basa Sunda.
- 6) Nyirian frasa éndoséntrik koordinatif dina téks fiksimini basa Sunda.
- 7) Nyalin data frasa éndoséntrik kana kartu data bari sakalian dibéré kode dumasar kana singgetan pangarang, judul fiksimini, tanggal, jeung padalisan.

3.4 Analisis data

Dina analisis data digunakeun téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*), nya éta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana (Hockett dina Sudaryat, 2004, kc. 32).

Léngkah analisis data dina ieu panalungtikan ngawengku:

- 1) Macaan deui kartu data nu eusina frasa éndoséntrik koordinatif dina fiksimini basa Sunda.
- 2) Nyalin data frasa éndoséntrik koordinatif kana tabél tuluy dialfabétkeun.
- 3) Nyieun papasingan data frasa éndoséntrik koordinatif dumasar kana unsur puseur, kecap panyambung, adegan frasa éndoséntrik koordinatif, warna frasa éndoséntrik koordinatif, jeung patali harti frasa éndoséntrik koordinatif.
- 4) Nganalisis data frasa éndoséntrik koordinatif.
- 5) Ngadéskripsikeun hasil panalungtikan.
- 6) Nafsirkeun data jeung nyieun kacindekan.